# FORMI-LEER

## SEET NJABOOT (XALE)

Mbindum loxo mi moo ngi jeex ci 2025
Moo xam European Union Agency for Asylum (EUAA) wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk ci siiwal bii.
Luxembourg: Siwalug Biro bu Mbootaayu Réewi Órob, 2025

PDF ISBN 978-92-9410-792-3 doi:10.2847/9629004 BZ-01-25-035-EN-N

© European Union Agency for Asylum (EUAA), 2025
Nangu nañu ñu móolaat ko sudee weral nañu cosaan bi.

| | |
|---|---|
| **Turu réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin** | |
| **Adareesu njitu réew mi** | |
| **Leeral yu xejjiku yu réewi Órob ak réew yi andak ñoom ci ay doxaliin ci nan ak fan lañuy déposé formileer bii** | *Lii ab bayaal la buñu jagleel Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin ngir ñu dugal modalité yu am solo yu aju ci dépôt wu formileer bii. Nan lañuy wara déposé formileer bii? Ci ban adarees? Fii ak kañ?* |

# FORMILEER SEET NJABOOT (XALE)

Formileer bii ([1]) ab kilifa/teewalkatu xale bi moo ko ([2]) wara remplir. Kilifa/teewalkat bii dafa wara jang formileer bi yépp ak xale bi te xamal ko leeral yépp.

## LU TAX ÑU JOX MA FORMILEER BII?

Da nga nekk bitim-réew te yaw kese yaa nekk. Réew yu bokk ci Réewi Órob bëggoon nañu xool ndax am nga ay mbokk ci ab Réew mu Bokk ci Réewi Órob wala réew mu àndak ñoom (ñu royalee ko niki Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin)

| |
|---|
| Réew yi Bokk ci Réewi Órob yi ñooy Belgique, Bulgarie, Tchéquie, Allemagne, Estonie, Irlande, Grèce, Espagne, France, Croatie, Italie, Chypre, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Hongrie, Malte, Pays-Bas, Autriche, Pologne, Portugal, Roumanie, Slovénie, Slovaquie, Finlande ak Suède. Ñeenti réew yu lëkkalook ñoom ñooy Islande, Liechtenstein, Norvège ak Suisse. |

Njiit yi ci réew mii bëgg nañ laa jàppale nga gis sa njaboot te boolowaat ak ñoom. Loolu moo tax ñu lay jox formileer bii ngir nga remplir ko. Da nga wara xamal njiit yi ci réew mii yile xibaar ci sa njaboot, lu mel ni kuñu doon, fan lañu dëkk ak nan ngay jokkoowee ak ñoom.

Soxlawul ngay rempliral sa bopp formileer bii. Beneen dimbalikat, ñu koy woowee kilifa, dina la jàppale. So soxlaa yeneen ndimbal, mën nga laaj itam beneen nit, liggéeykat ak ay tektal ci wàllu yoon.

## LU TAX ÑU LAAJ MA MA REMPLIR FORMILEER BII?

Njiit yi ci réew mi war nañu xam ndax da nga am ay mbokk ci bépp Réewu Órob ak réew bu ak ñoom ci ay doxaliin. Sudee am nga ko, réew mi ñu dëkk mooy ki wara toppatoo sa demande.

Njiit yi ci réew mii bëgg nañu laa jàppale itam nga boolowaat ak say mbokk ci Réewu Órob ak réew bu ak ñoom ay doxaliin.sudee lu baax la ci yaw nga nekk ak ñoom. Soo bëggee ñu boolewaat la ak sa njaboot, xamal ñu ko di nañu xool ndax mën naa nekk ngir ñu jéema fexe ba loolu am. So xalaate ni baaxul ci yaw ñu boolewaat la, wax ñu ko numu gëna gaawee.

---

([1]) PDF: BZ-01-25-007-EN-N ak Móol: BZ-01-25-007-EN-C.
([2]) Ci formileer bii, dëppook li yoon àar te ñu leeral ko fii ci EUAA, *Gindikaay bu Baax ci Seet Njaboot*, 2025, Pàcc 'Terminology', baati 'teewalkat' ak 'kilifa' lanuy jëfandikoo ci anam buñ leen mënee weccoo.

## Ak kan nga bëgg ñu boolewaat la?

Mën nañ la booleek sa waa kër, sa mag/rakk wala say mbokk. Di nañ la laaj ndax bëgg nga ñu boolewaat la ak moom?

Ci kaadaru yoonu European Union, sa **waa kër** ñooy:
- say waajur.

Say **mag/rakk** ñooy:
- sa rakk/mag bu góor
- sa rakk/mag bu jigéen

Say **mbook** ñooy:
- sa tanta
- sa nijaay
- sa maam bu jigéen
- sa maam bu góor.

**Soo amee ay mbokk ci ab Réewu Órob wala Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin, am nga yile sañ-sañ.**

- Dina ñu toppatoo sa dosiyee ak Priorité.
- Mën nga sakku ay leeral ci nit ñi ak kër yu la mëna jox ndimbal ngir remplir formileer bii.
- Mën nga sàkku ay leeral ci réew mi, ci bitim-réew ak yeneen mbootaay yu am solo yu mëna yombal ñu raññee te seet say mbokk.
- Mën nañu nos ab laaj-tontu ngir xool Réew mi bokk ci Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin yu wara saytu sa demande ngir am kaarange bitim-réew, ludul dafa am ay sukkandikukaay ngir baña def laaj-tontu bi.
- Mën nga déposé bépp leeral bu la mëna jàppale ñu tëral teewaayu mbokk yi ci kaddu wala ci ay keyit.
- Mën nga sàkku yeneeni leeral ci sa dosiyee.

## YAN XIBAAR NGA BËGG BOOLE CI FORMILEER BII?

Soo naree remplir formileer bii, di nañ la laaj ay laaj ci sa waa kër, lu melni sa yaay, sa baay, say mag/rakk, sa tanta, say nijaay, say maam yu góor ak yu jigéen. Dina laaj itam nga wax njiit yi nekk ci réew mi fi ñu dëkk ak nan lañuy jokkoowee ak ñoom.

### Lu tax xibaar yii am solo?

Ni ngay gënee joxe ay xibaar, muy gëna yomb ci njiit yi ci réew mii jokkoo ak say mbokk sa su nekk, ñu weral li nga bokk ak ñoom te boolowaat ak yaw nimu gëna gaawee.

Mën nañ laa woo ci ab laaj-tontu wala ay laaji topp ngir am yeneeni leeral ci mbokk gi ak fi nit kooku nekk.

Bul jaaxle soo amul leeral yépp. Ak sa kilifa, rempliral formileer bi ba ci li mëna nekk, njiit yi ci réew mi dina ñu def luñu mën ngir tambali procédure bi. Boo amee ay keyit, sa kilifa dina leen déposé nimu gëna gaawee.

## NAN NGAY REMPLIREE FORMILEER BII

Sa kilifa dina remplir **Xaaj 1** bu formileer bi. Lii dafay dajale say **xibaari bopp**. Xaaj 1 benn yoon kese lañ ko wara remplir.

**Jeego 1.** Rempllral Xaaj 1 bu formileer bi. Lii dafay dajale say xibaari bopp.

**Jeego 2.** Rempliral xaaj bu (yu) am solo ci formileer bi yu mengook sa(y) mbokk ngir képp ku ci bokk.

- Say mbokk, sa yaay wala sa baay (Xaaj 2)
  *Sudee ñaari waajur yi dañoo nekk ci benn ci réewi Órob wala réew yi andak ñoom ci ay doxaliin; rempliral xaaju formileer bi ngir waajur bu nekk.*
- Sa mag/rakk bu góor wala bu jigéen (Xaaj 3).
  *Soo amee ay mag/rakk yu bari yu nekk ci benn ci réewi Órob wala réew yi andak ñoom ci ay doxaliin, rempliral xaaju formileer bii ngir mag/rakk bu nekk.*
- Sa mbokk: nijaay, tanta, maam (Xaaj 4)
  *Soo amee ay mbokk yu bari yu nekk ci benn ci réewi Órob wala réew yi andak ñoom ci ay doxaliin, rempliral xaaju formileer bii ngir mbokk bu nekk.*
- Yeneen xeeti mbokk (Xaaj 5).
  *Soo amee yeneen xeeti mbokk yu bari yu nekk ci benn ci réewi Órob wala réew yi andak ñoom ci ay doxaliin, rempliral xaaju formileer bii ngir mbokk mu nekk.*

**Jeego 3.** Desinel sa arbre généalique njaboot (Xaaj 6) ngir xamle say mbokk yépp. Lii mën naa am solo ëlëg suñuy seet say mbokk wala ngir xam ndax mën naa am yeneen nit yi nga xamantane di nañu mëna tambali boolewaat bi.

**Bayyi ci xel.** Ngir képp ku bokk ci say mbokk, sa kilifa dina remplir xaaj yu am solo yi ci formileer bi (**Xaaj 2 ba 5**). Jëfandikool **Xaaj 6** ngir desine sa arbre généalogique njaboot ngir wone ñépp ñi bokk ci sa njaboot.

## KAN MOO MA MËNA JÀPPALE MA REMPLIR FORMILEER BII?

Sa kilifa dina remplir formileer bi ak yaw. Di nañ la wax bépp xibaar bu manta ñakk ci anam bi nga mënee jëfee say sañ-sañ. Mën ngaa xamal sa kilifa lépp li nga soxla saa su nekk. Agent de cas bi wala ñiy liggéey ci dalalukaay bi mën nañ la jàppale itam. Mën nga laaj ndimbal itam ci ay tektalkat ak ay firikat. Su amee lu leerul ci yaw, laajal njiit yi nekk ci réew mii.

> *Xibaar yu xejjiku yu Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin ci NIT ak KËR yuy joxe ndimbal ngir remplir model bi ak ay TEKTALU YOON.*

## NAN LAAY MËNEE BOOLOWAAT AK SAMAY MBOKK?

So leen rempliree ba noppi, njiit yi dina ñu xool leeral yi te jéema seet sa njaboot. Mën nañu laaj ay laaj wala ñu woo la ngir nga def beneen laaj-tontu. Suñu gisee sa njaboot, di nañ la jàppale nga boolowaat ak ñoom. Dina ñu bëgg itam werlu ni lu wóor la te baax. Dina ñu def luñu mën ngir werlu ni yaa ngi ci kaarange. Sudee wóorul ci yaw, duñu tambali boolewaat bi.

Biñuy amal xayma bii, di nañu bayyi xel ci say xalaat waaye dogalu boolewaat la di nañ ko def sunu sukkandikoo ci li gën ci sa kaarange ak sa wergu-yaram. Sudee da nga bëgg ñu boolewaat la ak sa yaay, baay, rakk/mag bu góor wala bu jigéen, tanta, nijaay, maam bu jigéen wala bu góor, da nga ko wara wax njiit yi. Da nga leen wara wax itam so xalaatee ni baaxul ci yaw nga dem fa.

**Bayyi ci xel**. Sa dosiyee dafa xejjiku. Lii mu ngi tekki ne sudee boolowaat ak njaboot gi mën nañ ko amal ci sa dosiyee, njiit yi di nañ ko toppatoo numu gëna gaawee, ngir nga baña xaar lu yàgg.

## XAMU MA FAN LA SAMAY MBOKK NEKK. NDAX MËN NGEEN MA JÀPPALE?

Soo xamee ni sa waa kër, sa mag/rakk wala sa mbokk dafa nekk ci ab Réewu Órob wala réew yu andak ñoom ci ay doxaliin te xamu lo fuñu nekk, mën nga sakku ndimbal ci mbootaay yuy seet njaboot yu lay mëna jàppale nga seet sa waa kër. Sa kilifa dina la jàppale nga woo yile mbootaay. Waxal njiit yi nekk ci réew mii so soxlaa ndimbal.

*Xibaar yu xejjiku yu Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin ci mbootay yuy dimbali ci seet njaboot.*

## NAN LAÑUY TOPPATOOREE XIBAAR YIMA JOXE?

Xibaar yi nga joxe di nañ leen toppatoo ci sutura. Duñ leen mësa jox ab réew bu bokk ci Réewu Órob wala réew yu andak ñoom ci ay doxaliin (yëral xët 1 ci formileer bii) wala réewum cosaan bi wala fi nga dëkkoon yaw wala sa waa kër. Dina ñu jébbal xibaar yi ci anam bu wóor kese ci Réewi Órob ak Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin ngir njiiti réew mi mëna xool ndax sa mbokk mi mën naa nekk ak yaw. Suko laajee, njiit yi wala mbootaay yi mën nañu jokkoo ak say waa kër ngir jagleel leen ay laaj.

## XAAJ 1. AY XIBAARI JAGOO CI XALE BI

| | |
|---|---|
| **Nimero dosiyee:** | |
| Tur | |
| Sant | |
| At | |
| Xeetu awra | |
| Bésu juddu (bis/weer/at) | |
| Barabu juddu | |
| Bis bimu jogee ci réewu cosaanam | |
| Réew mi(yi) mu bokk | |
| Adarees/dëkkuwaay | |
| Leerali jokkoo (adarees imel, konti reso sosio, nimero telefon) | |
| **Leerali jokkoo wu kilifa gi** | |
| Tur | |
| Sant | |
| Nimero telefon | |
| Adarees imel | |
| ☐ **Maa ngi dëggël ni amnaa ab mbokk mu nekk ci ab Réewu Órob wala Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin.** | |
| Sama njaboot mooy (mën nañu tànn tànnéef yu bari) | ☐ sama waajur (sa yaay wala sa baay) (Xaaj 1)<br>☐ sama mag/rakk (góor wala jigéen) (Xaaj 2)<br>☐ sama tanta wala sama nijaay (Xaaj 3)<br>☐ samay maam (maam bu góor wala maam bu jigéen) (Xaaj 4)<br>☐ yeneen xeeti mbokk (Xaaj 5 ) (leeral ko): |
| Yeneen xibaar yu am solo | |
| **Bis ak xaatimu kilifa/teewalkat** | |

## XAAJ 2. AY XIBAARI JAGOO CI WAAJUR WI

*Sudee ñaari waajur yi dañoo nekk ci benn wala ay Réewi Órob wala Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin, bësal ci bitoŋu 'Duplicate section' ngir sos ab pàcc bu bees ngir nit ku nekk.*

| | |
|---|---|
| Tur | |
| Sant | |
| Yeneen tur yuñuy jëfandikoo | |
| At | |
| Xeetu awra | |
| Bésu juddu (bis/weer/at) | |
| Barabu juddu | |
| Li ñu bokk | ☐ Yaay<br>☐ Tanta (sa jabaru baay)<br>☐ Baay<br>☐ Baayu jiitle |
| Barab bu bees wala bi nga mujj xam fumu nekk ci Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin (réew, dëkk) | |
| Statut wu nit ki dëkk ci Réewi Órob ak Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin | ☐ wëy-bindu ngir am kaarange bitim-réew<br>☐ kuy jariñoo ci kaarange bitim-réew<br>☐ dëkk ci diir bu yàgg<br>☐ résident<br>☐ situwayin<br>☐ xamul |
| Bis bimu jogee ci réewu cosaanam | |
| Réew mi(yi) mu bokk | |
| Sa nimero bopp / nimero dosiyee (sudee dafa am ab nimero ci Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin bu jàppandi) | |
| Adarees/dëkkuwaay | |
| Leerali jokkoo (adarees imel, konti reso sosio, nimero telefon) | |
| **Sa bëgg-bëgg ngir ñu boolewaat la** | |
| Ndax bëgg nga ñu boolewaat la ak nit kii?<br>☐ Waaw, bëgg naa ñu boolewaat ma.<br>☐ Dédéet, bëggu ma ñu boolewaat ma.<br>Sudee bëgguloo ñu boolewaat la, mën nga leeral lu tax. Xibaar yii di nañ leen jëfandikoo ci sutura.<br><br>*Noo ngi lay xamal ni mën nga baña mëna tànn fi nga dëkk, ndax dogal yi aju ci boolewaat dina aju ci ab xayma ci li gën ci yaw ngir sa kaarange ak sa wergu-yaram.* | |

| **Kañ ak fan nga mujjee jokkoo ak nit kii?** |
| --- |
| |
| **Ndax nekk na kenn ki nga xamantane xam na fi say mbokk nekk? Sudee waaw, joxeel ay leerali jokkoo wam. Ndax jokkoo nga ak nit kii?** |
| |
| **Ndax jokkoo nga ak bépp mbootaay ngir seet nit kii? *Sudee waaw, leeral ko (turu mbootaay bi, fi ñu toll ci seet bi / liñ ci jota am).*** |
| |
| **Leeralal keyit/firnde yi nga am ngir weral mbokk gi.**<br>Ci misaal, ab sartifikaa de marriage, keyitu juddu, kopi dantite, nataalu njaboot gi, yeneen. Di nañ la laaj nga déposé yile keyit wala firnde bi. |
| |
| **Yeneen xibaar yu am solo** |
| |

Pàccu duppi

## XAAJ 3. AY XIBAARI JAGOO CI MAG/RAKK BI

*Sudee xale bi dafa am ay mag/rakk yu bari yu nekk ci benn wala ay Réewi Órob wala Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin, bësal ci bitoŋu 'Duplicate section' ngir sos ab pàcc bu bees ngir nit ku nekk.*

| | |
|---|---|
| Tur | |
| Sant | |
| Yeneen tur yuñuy jëfandikoo | |
| At | |
| Xeetu awra | |
| Bésu juddu (bis/weer/at) | |
| Barabu juddu | |
| Li ñu bokk | ☐ mag/rakk bu jigéen<br>☐ mag/rakk bu jigéen bi nga bokkal yaay<br>☐ mag/rakk bu jigéen bi nga bokkal baay<br>☐ mag/rakk bu jigeen ci sa koté yaay<br>☐ mag/rakk bu jigeen ci sa koté baay<br>☐ rakk/mag bu góor<br>☐ mag/rakk bu góor bi nga bokkal yaay<br>☐ mag/rakk bu góor bi nga bokkal baay<br>☐ rakk/mag ci sa koté yaay<br>☐ rakk/mag ci sa koté baay |
| Barab bu bees wala bi nga mujj xam fumu nekk ci Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin (réew, dëkk) | |
| Statut wu nit ki dëkk ci Réewi Órob ak Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin | ☐ wëy-bindu ngir am kaarange bitim-réew<br>☐ kuy jariñoo ci kaarange bitim-réew<br>☐ dëkk ci diir bu yàgg<br>☐ résident<br>☐ situwayin<br>☐ xamul |
| Bis bimu jogee ci réewu cosaanam | |
| Réew mi(yi) mu bokk | |
| Sa nimero bopp / nimero dosiyee (sudee dafa am ab nimero ci Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin bu jàppandi) | |
| Adarees/dëkkuwaay | |
| Leerali jokkoo (adarees imel, konti reso sosio, nimero telefon) | |

| **Sa bëgg-bëgg ngir ñu boolewaat la** |
| --- |
| Ndax bëgg nga ñu boolewaat la ak nit kii?<br>☐ Waaw, bëgg naa ñu boolewaat ma.<br>☐ Dédéet, bëggu ma ñu boolewaat ma.<br>Sudee bëgguloo ñu boolewaat la, mën nga leeral lu tax. Xibaar yii di nañ leen jëfandikoo ci sutura. |
| **Kañ ak fan nga mujjee jokkoo ak nit kii?** |
| |
| **Ndax nekk na kenn ki nga xamantane xam na fi say mbokk nekk? Sudee waaw, joxeel ay leerali jokkoo wam. Ndax jokkoo nga ak nit kii?** |
| |
| **Ndax jokkoo nga ak bépp mbootaay ngir seet nit kii? *Sudee waaw, leeral ko (turu mbootaay bi, fi ñu toll ci seet bi / liñ ci jota am).*** |
| |
| **Leeralal keyit/firnde yi nga am ngir weral mbokk gi.**<br>Ci misaal, ab sartifikaa de marriage, keyitu juddu, kopi dantite, nataalu njaboot gi, yeneen. Di nañ la laaj nga déposé yile keyit wala firnde bi. |
| |
| **Yeneen xibaar yu am solo** |
| |

Pàccu duppi

## XAAJ 4. AY XIBAARI JAGOO CI MBOKK MI

*Sudee xale bi dafa am ay mbokk yu bari yu nekk ci benn wala ay Réewi Órob wala Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin, bësal ci bitoŋu 'Duplicate section' ngir sos ab pàcc bu bees ngir nit ku nekk.*

| | |
|---|---|
| Tur | |
| Sant | |
| Yeneen tur yuñuy jëfandikoo | |
| At | |
| Xeetu awra | |
| Bésu juddu (bis/weer/at) | |
| Barabu juddu | |
| Li ñu bokk | ☐ tanta ci sa koté yaay<br>☐ nijaay ci sa koté yaay<br>☐ maam bu jigéen ci sa koté yaay<br>☐ maam bu góor ci sa koté baay<br>☐ tanta ci sa koté baay<br>☐ nijaay ci sa koté baay<br>☐ maam bu jigéen ci sa koté baay<br>☐ maam bu góor ci sa koté baay |
| Barab bu bees bumu nekk ci Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin (réew, dëkk) | |
| Statut wu nit ki dëkk ci Réewi Órob ak Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin | ☐ wëy-bindu ngir am kaarange bitim-réew<br>☐ kuy jariñoo ci kaarange bitim-réew<br>☐ dëkk ci diir bu yàgg<br>☐ résident<br>☐ situwayin<br>☐ xamul |
| Bis bimu jogee ci réewu cosaanam | |
| Réew mi(yi) mu bokk | |
| Sa nimero bopp / nimero dosiyee (sudee dafa am ab nimero ci Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin bu jàppandi) | |
| Adarees/dëkkuwaay | |
| Leerali jokkoo (adarees imel, konti reso sosio, nimero telefon) | |

| **Sa bëgg-bëgg ngir ñu boolewaat la** |
|---|
| Ndax bëgg nga ñu boolewaat la nit kii?<br>☐ Waaw, bëgg naa ñu boolewaat ma.<br>☐ Dédéet, bëggu ma ñu boolewaat ma.<br>Sudee bëgguloo ñu boolewaat la, mën nga leeral lu tax. Xibaar yi di nañ leen jëfandikoo ci sutura. |

| **Kañ ak fan nga mujjee jokkoo ak nit kii?** |
|---|
| |
| **Ndax nekk na kenn ki nga xamantane xam na fi say mbokk nekk? Sudee waaw, joxeel ay leerali jokkoo wam. Ndax jokkoo nga ak nit kii?** |
| |
| **Ndax jokkoo nga ak bépp mbootaay ngir seet nit kii? *Sudee waaw, leeral ko (turu mbootaay bi, fi ñu toll ci seet bi / liñ ci jota am).*** |
| |
| **Leeralal keyit/firnde yi nga am ngir weral mbokk gi.**<br>Ci misaal, ab sartifikaa de marriage, keyitu juddu, kopi dantite, nataalu njaboot gi, yeneen. Di nañ la laaj nga déposé yile keyit wala firnde bi. |
| |
| **Yeneen xibaar yu am solo** |
| |

Pàccu duppi

## XAAJ 5. LEERALI JAGOO WU YENEEN NIT YI NGA BOKKAL

*Sudee xale bi dafa am yeneen mbokk yu bari yu nekk ci benn wala ay Réewi Órob wala Réew bu andak ñoom ci ay doxaliin, bësal ci bitoŋu 'Duplicate section' ngir sos ab pàcc bu bees ngir nit ku nekk.*

| | |
|---|---|
| Tur | |
| Sant | |
| Yeneen tur yuñuy jëfandikoo | |
| At | |
| Xeetu awra | |
| Besu juddu | |
| Barabu juddu | |
| Xeetu mbokk / li waral ngeen bokk | |
| Barab bu bees bumu nekk ci Réewi Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin (réew, dëkk) | |
| Statut wu nit ki dëkk ci Réewi Órob ak Réew yi andak ñoom ci ay doxaliin | ☐ wëy-bindu ngir am kaarange bitim-réew<br>☐ kuy jariñoo ci kaarange bitim-réew<br>☐ dëkk ci diir bu yàgg<br>☐ résident<br>☐ situwayin<br>☐ xamul |
| Bis bimu jogee ci réewu cosaanam | |
| Réew mi(yi) mu bokk | |
| Sa nimero bopp / nimero dosiyee (sudee dafa am ab nimero ci Réewu Órob ak Réew yu andak ñoom ci ay doxaliin bu jàppandi) | |
| Adarees/dëkkuwaay | |
| Leerali jokkoo (adarees imel, konti reso sosio, nimero telefon) | |

**Sa bëgg-bëgg ngir ñu boolewaat la**

Ndax bëgg nga ñu boolewaat la ak nit kii?
☐ Waaw, bëgg naa ñu boolewaat ma.
☐ Dédéet, bëggu ma ñu boolewaat ma.
Sudee bëgguloo ñu boolewaat la, mën nga leeral lu tax. Xibaar yii di nañ leen jëfandikoo ci sutura.


**Kañ ak fan nga mujjee jokkoo ak nit kii?**

| |
|---|
| **Ndax nekk na kenn ki nga xamantane xam na fi say mbokk nekk? Sudee waaw, joxeel ay leerali jokkoo wam. Ndax jokkoo nga ak nit kii?** |
| |
| **Ndax jokkoo nga ak bépp mbootaay ngir seet nit kii? *Sudee waaw, leeral ko (turu mbootaay bi, fi ñu toll ci seet bi / liñ ci jota am).*** |
| |
| **Leeralal keyit/firnde yi nga am ngir weral mbokk gi.**<br>Ci misaal, ab sartifikaa de marriage, keyitu juddu, kopi dantite, nataalu njaboot gi, yeneen. Di nañ la laaj nga déposé yile keyit wala firnde bi. |
| |
| **Yeneen xibaar yu am solo** |
| |

Pàccu duppi

## XAAJ 6. ARBRE GENEALOGIQUE

Mën nga desine sa arbre généalogique ci boyet bii ci suuf. Werlul ni xamle nga sa waa kër, say mag/rakk ak say mbokk. Su mënee nekk, xamlel ci ban réew la sa waa kër nekk fimne nii. Wone nañu misaalu arbre généalogique ci nataal bii ci suuf.




***Dugalal xibaar yu méngook bépp mbokk ci pàcc bii***